

PWOTEKSYON KONSOMATÈ

KONSÈY POU JENN ADILT

ESKWOKRI

REPARASYON KREDI

KI RIVE SOUVAN

Fè atansyon pou konpayi ki deklare yo kapab repara rapò sou kredi ou epi yo kapab fè ou jwenn yon kot kredi ki wo rapid rapid. Anpil nan konpayi sa yo ap òganize eskwokri pou vòlè lajan ou.

Annapre ou ap jwenn siy ki ede ou detekte yon eskwokri reparasyon kredi:

- **Konpayi a pwomèt ou li pral retire enfòmasyon negatif ki sou rapò sou kredi ou.**

REYALITE: Pa gen pèsòn ki kapab retire legalman enfòmasyon negatif ki nan yon rapò sou kredi ki kòrèk. Pifò enfòmasyon negatif yo rete nan rapò sou kredi ou anjeneral pandan sèt (7) lane alòske enfòmasyon fayit gendwa rete sou rapò a pandan 10 lane.

KONSÈY: Ou kapab jwenn yon rapò sou kredi gratis yon fwa chak lane nan men tout konpayi evalyasyon kredi pou tout peyi a. Al gade nan annualcreditreport.com pou jwenn rapò sou kredi ou epi analize li pou asire ou enfòmasyon yo presi ak ajou. Rapò sou kredi ou pral enkli enfòmasyon sou fason pou konteste enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.

- **Konpayi an mande pou yo peye li annavans anvan li kòmanse bay sèvis reparasyon sèvis la.**

REYALITE: Selon lalwa federal, konpayi ki repara kredi pa gen dwa mande pou ou peye yo jiskaske yo fin fè sèvis yo te pwomèt fè a.

KONSÈY: Ou kapab jwenn asistans gratis pou amelyore kredi ou nan yon Sant Otonomizasyon Finansye NYC (NYC Financial Empowerment Center).

- **Konpayi a pwopoze pou li kreye yon nouvo “idantite kredi” pou ou avèk lòt idantite (tankou yon lòt nimewo sekirite sosyal oswa nimewo taks ID pou biznis).**

KONSÈY: Li ilegal pou komèt fwòd idantite oswa pou bay move nimewo sekirite sosyal oswa nimewo ID taks biznis anba fo pretèks.

KONSÈY: Pou rapòte eskwokri konpayi reparasyon kredi sa a, depoze yon plent opre Komisyon Federal pou Komès (Federal Trade Commission – FTC) nan ftc.gov.

- **Konpayi a mande pou ou siyen fòm ki pa ranpli epi pou bay enfòmasyon pèsònèl pou li kapab aji onon ou pou ede ou rezoud pwoblèm kredi ou.**

REYALITE: Si ou siyen dokiman ki pa ranpli e ou bay enfòmasyon sou idantite pèsònèl ou, moun gendwa izirpe (vòlè) idantite ou.

KONSÈY: Pa janm siyen okenn dokiman ki pa ranpli epi pa bay moun enfòmasyon pèsònèl ou konsa san ou pa konnen pou ki rezon epi avèk ki moun ou ann afè. Pa gen okenn solisyon rapid rapid ki kapab rezoud istwa kredi ou. Wè si ou pa ka pale ak yon konseye nan Sant Otonomizasyon Finansye an pou jwenn fason pou repara kredi ou epi jere dèt ou san danje ak gratis.

FASON POU AMELYORE KOT KREDI (CREDIT SCORE) OU

- Peye bòdwo ou san reta.
- Peye plis pase montan peman minimòm lan.
- Chèche konnen kantite dèt ou kapab pran rezonabman. Pa pran yon montan dèt si ou pa kapab peye tout dèt la nèt.
- Konprann kisa ki gendwa enpakte kot kredi ou pozitivman oswa negativman, tankou dire istwa kredi, kalite kredi, kredi resan ak montan kredi a.
- Jwenn asistans gratis!

ASISTANS GRATIS

Chèche jwenn konsèy finansye pwofesyonèl nan Sant Otonomizasyon Finansye Vil Nouyòk (NYC Financial Empowerment Center). Rele 311 pou pwograme yon randevou toupre kote ou rete oswa al gade nan nyc.gov/consumers pou jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn yon kopi gratis de rapò sou kredi ou epi analize li byen.

Ale nan annualcreditreport.com oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.

Osijè Konsèy Rapid sou Pwoteksyon Konsomatè pou Jenn Adilt

Jenn adilt konfwonte ak difikilte toulejou antanke konsomatè. Depatman Zafè Konsomatè (DCA) te kreye yon seri fèy ak konsèy ou edike tout jenn moun osijè dwa yo genyen ak fason desizyon yo pran sou fason pou depanse lajan yo gendwa enpakte lavni yo.



Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

**Department of
Education**

Carmen Fariña
Chancellor